

# Eleman Debaz Pwogram Ekonomize pou Invèsite a

**Pwogram Ekonomize pou Invèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE** la pèmèt fanmi, lekòl ak kominote yo jwenn yon fason pou yo travay ansanm pou fè ekonomi ak pou envesti nan avni pitit yo. Se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou rann invèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou elèv ki nan lekòl publik yo.

## KIYÈS ki ka patisipe?

Nan ane eskolè 2023-2024\* la, elèv nan klas jadandanfan, premye ane ak dezyèm ane ki enskri nan lekòl publik Vil New York yo (ki gen ladan yo lekòl endependan [charter schools] k ap patisipe yo), elijib pou yo patisipe, kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon yo.

## KIJAN pou w patisipe?

Si pitit ou a elijib, I ap enskri otomatikman nan Pwogram Ekonomize pou Invèsite a epi I ap resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis sof si w chwazi pa patisipe epi ou soti nan pwogram nan.

## POUKISA yo te kreye I?

Yo te kreye Pwogram nan pou tout elèv lekòl publik Vil New York yo ka reve gran, devlope kapital finansye yo ka itilize pou invèsite ak fòmasyon pwofesyonèl yo epi resevwa sipò nan men kominote yo a pandan etid yo.

## KIJAN li fonksyone?

Pwogram nan pèmèt fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo batí yon fondasyon ansanm pou avni pitit yo lè li:

- Bay chak elèv ki patisipe yon Kont Bousdetid NYC**  
Elèv yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC avèk yon alokasyon inisyal \$100 ke NYC Kids RISE ba yo pou invèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, ak opòtinite pou yo resevwa rekompans adisyonèl ofiramezi.
- Sipòte fanmi yo avèk zouti ak enfòmasyon pou devlope pwòp plan ekonomi pa yo**  
Apre yo fin aktive Kont Bousdetid NYC pitit yo a, fanmi yo ka louvri epi konekte yon kont depay pou invèsite ak karyè ke yo posede nan avantaj pitit yo a. Apresa, fanmi yo ka kòmanse ekonomize lajan sou kont yo louvri a nan fason ak montan ki fè sans pou sitiayson finans yo.
- Ankouraje kominote yo travay ansanm pou envesti nan Kont Bousdetid NYC pitit yo**  
Òganizasyon lokal yo, antrepriz yo, vwazen yo ak lòt enstitisyon ka kontribye pou yo mete lajan sou Kont Bousdetid NYC timoun yo atravè Bousdetid Kominotè yo.
- Ranfòse atant yo pou elèv yo ale nan invèsite epi resevwa fòmasyon pwofesyonèl**  
Evènman makan yo, aktivite ak kanpay nan lekòl yo epi atravè katye yo ede elèv yo imajine sa ki posib pou avni yo.
- Anseye sou edikasyon finansye nan salklas yo**  
Elèv yo resevwa edikasyon finansye ki apwopriye pou laj yo depi nan klas jadandanfan.

\*Tout elèv ki nan klas jadandanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt nan reyon Distri 30 elijib pou yo patisipe.



**Jwenn plis enfòmasyon:** Pale avèk lekòl pitit ou a; kontakte NYC Kids RISE nan 833-543-7473 oswa sou [info@nyckidsrise.org](mailto:info@nyckidsrise.org); ale sou sit [nyckidsrise.org](http://nyckidsrise.org) epi suiv [@nyckidsrise](https://@nyckidsrise) sou rezo sosyal yo.

NYC Kids RISE se yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofit k ap travay ak Vil New York la epi ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education) pou jere Pwogram Ekonomize pou Invèsite a. NYC Kids RISE pa bay konsèy sou envestisman ni rekòmande okenn tip kont depay pou invèsite patikilye.